**Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi, Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyasınıń Qaraqalpaqstan Keńesi hám Ózbekstan Sawda-sanaat palatasınıń Qaraqalpaqstan Respublikası basqarması arasında sociallıq-ekonomikalıq máseleler boyınsha 2026-2028-jıllar ushın dúzilgen**

# AYMAQLÍQ JÁMÁÁTLIK KELISIM

**Qaraqalpaqstan Respublikası**
**Kámbaǵallıqtı qısqarttırıw hám**
**bántlik ministrliginen**
**2026-jıl “10” mart kúni**
**dizimnen ótken**
**№ 12/00-03/05-1641.**

**Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi, Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyasınıń Qaraqalpaqstan Keńesi hám Ózbekstan Sawda-sanaat palatasınıń Qaraqalpaqstan Respublikası basqarması arasında sociallıq-ekonomikalıq máseleler boyınsha 2026-2028-jıllar ushın**

# AYMAQLÍQ JÁMÁÁTLIK KELISIM

Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi (bunnan bılay – Ministrler Keńesi), Ózbekstan Respublikası Sawda-sanaat Palatasınıń Qaraqalpaqstan Respublikası Basqarması (bunnan bılay – Palata), Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyasınıń Qaraqalpaqstan Keńesi (bunnan bılay – Kásiplik awqamları) keyingi orınlarda - "Tárepler" dep atalıwshı tolıq huqıqlı wákiller tımsalında:

Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan Respublikaları Konstituciyaları hám nızam hújjetlerine ámel etip;

puqaralardıń huqıq hám erkinlikleri, Ózbekstan mápleri ústinligin járiyalap;

Ózbekstan Respublikası xalqın sociallıq qorǵaw strategiyası hám "Ózbekstan-2030" strategiyasına ámel etken halda.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti Shavkat Miromonovich Mirziyoevtiń 2025-jıl 17-oktyabrde Ózbekstan kásiplik awqamlarınıń belsendileri hám nuranıyları menen bolıp ótken ushırasıwında berilgen tapsırmalardı orınlawǵa qaratqan halda;

Ózbekstan Respublikası Prezidenti tárepinen qoyılǵan: ekonomikanı jáne de erkinlestiriw hám rawajlandırıw, ekonomikalıq potencialdı keńeytiw boyınsha ilajlardı izbe-iz ámelge asırıw, isbilermenlik subektleriniń básekige shıdamlılıǵın hám jumısınıń nátiyjeliligin kúsheytiw tiykarında xalıqtıń turmıs dárejesin kóteriw wazıypası sózsiz orınlanıwı zárúr ekenligin tastıyıqlap;

mámleket, jumıs beriwshiler hám xızmetkerlerdiń sociallıq juwapkershiligi hám olar arasındaǵı sociallıq birge islesiwdiń áhimiyetin tán alǵan halda;

xızmetkerler hám jumıs beriwshilerdiń huqıqları hám sociallıq-ekonomikalıq mápleriniń qorǵawın támiyinlew, xalıqtıń turmıs dárejesin turaqlı arttırıp barıw, jámiyette sociallıq tatıwlıq hám turaqlılıqtı saqlaw baǵdarında nátiyjeli birge islesiwdi kúsheytiw maqsetinde sociallıq sheriklik principin ámelge asıra otırıp;

Qaraqalpaqstan Respublikası aymaǵında xızmetkerlerdiń miynet sharayatların, kepilliklerin hám jeńilliklerin belgilep beriwshi usı Aymaqlıq jámáátlik kelisimdi dúzdi (bunnan bılay "Kelisim").

Usı Kelisim arqalı Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan Respublikalarınıń Konstituciyaları hám nızam hújjetlerine ámel etken halda, tárepler Kelisimge kirgizilgen minnetlemelerdiń orınlanıwın zárúr dep esaplaydı.

Kelisim táreplerdiń respublikamızdaǵı reformalardı, jańalanıw hám modernizaciyalaw jumısların tereńlestiriw, mámleketlik islep shıǵarıwshılardı xoshametlew, texnikalıq hám texnologiyalıq jaqtan qayta úskenelew, innovaciyalıq ideyalardı hám qollanbalardı engiziw kólemin keńeytiw, jumıs penen támiyinlew, miynet haqı, miynetti qorǵaw, sociallıq-ekonomikalıq hám huqıqıy kepillikler

tarawındaǵı minnetlemelerin belgilep beredi hám Kelisimniń orınlanıwın támiyinlew maqsetinde ózlerine tómendegi baǵdarlar boyınsha minnetlemelerdi aldı.

**I. Ekonomikanı, jergilikli óndiristi hámde isbilermenlikti rawajlandırıw.**

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2023-jıl 11-sentyabrdegi PP-158-sanlı Pármanı menen tastıyıqlanǵan "Ózbekstan - 2030" strategiyasında milliy ekonomikanı jedel rawajlandırıw hám joqarı ósiw pátlerin támiyinlew baǵdarında belgilep berilgen ilajlardıń óz waqtında hám sózsiz orınlanıwma hár tárepleme kómeklesiw maqsetinde Tárepler kelesi dáwirde tómendegilerdi ayrıqsha áhimiyetli dep esaplaydı:

1. Ekonomikanıń real sektorın jedel rawajlandırıw, sanaattı hám sırtqı sawdanı diversifikaciyalaw, óndiristi modernizaciyalaw, tayar ónim eksportın xoshametlew menen bir qatarda jergilikli islep shıǵarıwshılardı qorǵaw ilajların engiziw esabınan milliy ekonomikanıń básekige shıdamlılıǵın hám turaqlılıǵın arttırıwǵa baylanıslı jumıslardı birgelikte alıp barıw.

2. Ekonomikada jeke menshik múlk úlesin arttırıw, salamat báseki ortalıǵın qáliplestiriw, jumıstıń barlıq tarawlarında mámlekettiń qatnasıwın azaytıw boyınsha reformalardı jáne de tereńlestiriw.

Onda ekonomikanıń real sektorındaǵı jergilikli kárxanalar hám innovaciyalıq kárxanalar ushın qolaylı kreditlewdi támiyinlew, sonıń ishinde, importtıń ornm

basıw hám texnologiyalıq suverenitetti támiyinlew salasındaǵı joybarlardı qollap-quwatlaw ilajlarm ámelge asırıw.

3. Ekonomika tarmaqlarında turaqlı joqarı ósiw pátlerin támiyinlew arqalı xalıqtıń jan basına jalpı aymaqlıq ónimdi - 1,5 esege arttırıw.

4. Byudjet siyasatı insan kapitalınıń ósiwin qollap-quwatlaw, puqaralardıń sociallıq qorǵalıwın kúsheytiw, ekonomikalıq hám sociallıq teńsizlikti azaytıw,

ekonomikasınıń básekige shıdamlılıǵın arttırıwdı xoshametlew hám turaqlı ósiw pátlerin támiyinlewge qaratılǵan bolıwın tániyinlew.

5. Aymaqlıq ekonomikanıń turaqlılıǵın támiyinlew hám jalpı aymaqlıq ónimde sanaattıń úlesin arttırıwǵa qaratılǵan sanaat siyasatın dawam ettirip, sanaatta islep shıǵarılatuǵın texnologiyalıq ónimlerdiń úlesin 12 procentke jetkeriw.

6. Sanaatta qosımsha qun kólemin 0,5 mlrd. AQSh dollarma jetkeriw hám 50 mıń joqarı dáramatlı jumıs orınların jaratıw.

7. Qaraqalpaqstan Respublikası aymaǵında ekonomikanı elektr energiyası menen úzliksiz támiyinlew hám "Jasıl ekonomika" texnologiyaların barlıq tarawlarǵa jedel engiziw, ekonomikanıń energiya nátiyjeliligin 1,5 esege arttırıw.

8. Qaraqalpaqstan Respublikası aymaǵında sanlı ekonomikanı tiykarǵı "drayver" tarawǵa aylandırıp, onıń jalpı ónimdegi úlesin 1,6 procentke jetkeriw.

9. Investiciya ortalıǵın jáne de jaqsılaw, investiciya kiritiliwiniń jaqsılanıwın támiyinlewge qaratılǵan is-ilájlardı belgilew.

10. Isbilermenlik jumısın shólkemlestiriw hám turaqlı dáramat dáreklerin qáliplestiriw ushın sharayatlar jaratıw.

11. Awıl xojalıǵın ilimiy tiykarda intensiv rawajlandırıw arqalı 1 gektardan alınatuǵın ortasha dáramattı 5 mıń AQSh dollarına jetkeriw.

12. Suw resursların basqarıw sistemasın túp-tiykarınan reformalaw hám suwdı únemlew boyınsha ayrıqsha mámleketlik baǵdarlamanı ámelge asırıw.

13. Qala hám rayonlardıń injenerlik-kommunikaciya hám sociallıq infrastruktura sistemasın hámde xızmet kórsetiw hám servis tarawların rawajlandırıw.

14. Barlıq transport túrlerin úzliksiz baylanıstırǵan halda birden-bir transport sistemasın rawajlandırıw, qala hám rayonlar arasında kúnlik transport qatnawları tiykarında mánzilge jetip barıw hám qaytıp keliw imkaniyatın rawajlandırıw.

15. Xalıqtıń turmıs sharayatın jaqsılaw maqsetinde, investiciya baǵdarlamaları sheńberinde 136,5 km ishimlik suw tarmaǵı, 7 ishimlik suwı obekti, 26 nasos, 35,1 km gaz qubırları, 172,8 km ishki jol infrastrukturasın ońlaw hámde mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriw mákemelerin ońlaw, jańalarm qurıw jolı menen qamtıp alıwdı keńeytiw.

16. Teń báseki sharayatların jaratıw maqsetinde sanaat, sawda, qurılıs, farmacevtika hám transport tarawlarmdaǵı rásmiy emes isbilermenlik jumısların sayadan shıǵarıwǵa kómeklesiw.

17. Mámleketlik satıp alıwlar boyınsha tender komissiyalarmıń jumısına tiyisli kásiplik awqamları shólkemleriniń wákillerin másláhát dawısı huqıqı menen tartıw.

## II. Norma dóretiwshiligi jumıslarında qatnasıw hám xızmetkerlerdiń huqıqıy qorǵalıwın támiyinlew

Norma dóretiwshilik jumısların jetilistiriw hám huqıqıy qorǵaw mexanizmlerinen nátiyjeli paydalanıw jolı menen xızmetkerlerdiń miynet, sociallıq-ekonomikalıq huqıqları menen máplerine ámel etiliwin támiyinlew maqsetinde, Tárepler tómendegilerdi óz moynma aladı:

18. Xızmetkerlerdiń sociallıq-ekonomikalıq huqıqları menen máplerine baylanıslı bolǵan normativlik-huqıqıy hújjetler hám texnikalıq jaqtan tártipke salıw tarawındaǵı normativlik hújjetler joybarların tiyisli kásiplik awqamı yamasa kásiplik awqamları birlespesi menen kelisiw jumıslarm támiyinlew (Ózbekstan Respublikasınıń "Kásiplik awqamları haqqında"ǵı Nızamınıń 28-statyası).

19. Ózbekstan Respublikası nızamshılıǵm ámeliyatta qollanıw baǵdarında tómendegilerdi birgelikte ámelge asıradı:

jumıs beriwshi hám xızmetker arasındaǵı kelispewshiliklerdi sudqa shekem sheshiwde kásiplik awqamlarınıń jarastırıwshı, kelisim beriwshi buwın sıpatında belsendiligin arttırıw boyınsha ámeliy ilajlar kóriw;

jumıs beriwshi hám kásiplik awqamı arasında jámáátlik shártnamasında kelisilgen minnetlemelerdi orınlamaw aqıbetinde júzege keliwi múmkin bolǵan jámáátlik miynet tartıslarınıń tárepleri tómendegi sebeplerge bola miynet arbitrajmda sheshiw (tártipke salıw) boyınsha sóylesiwler ótkeriwi shárt;

jámáátlik miynet tartısların mediatordıń qatnasıwında sheshiw (tártipke salıw) juwmaqlanǵannan keyin kelispewshilikler bayanlaması dúzilgen jaǵdayda;

mediator kandidaturası boyınsha jámáátlik miynet tartısı tárepleriniń kelisimine erisiliwi kerek bolǵan múddet tamamlanǵan jaǵdayda;

tareplerdiń yamasa tareplerden biri jámáátlik miynet tartısın mediatordıń qatnasıwında sheshiwden (tártipke salıwdan) bas tartqanlıǵı haqqındaǵı bayanlama rásmiylestirilgen jaǵdayda;

jámáátlik miynet kelispewshilikleri usı basqıshlarda sudqa shekem sheshilmegen jaǵdayda nızamda belgilengen tártipte sud uyımlarına múrájat etiledi.

20. Miynet bazarın tártipke salıw salasında nızam menen ornatılǵan tártip ústinen qadaǵalaw nátiyjeliligin, sonıń ishinde, kásiplik awqamları inspekciyalarınıń qatnasın keńeytiw jolı menen arttırıw.

21. Sociallıq tarmaqlardaǵı betler hám isenim telefonları tarmaǵın keńeytiw, kóshpeli qabıllawlardı engiziw arqalı sociallıq-miynet máseleleri boyınsha xalıq penen Qayta baylanıs mexanizmi kanalların jáne de kóbeytiw.

22. Miynet nızamshılıǵınıń buzılıwının aldın alıw baǵdarında kásiplik awqamlarınıń barlıq ministrlikler hám uyımlar menen sistemalı birge islesiwin támiyinlew.

23. Kásiplik awqamlarınıń miynet nızamshılıǵınıń talapları buzılǵan jaǵdayları boyınsha kirgizgen kórsetpelerin jumıs beriwshiler (olardıń birlespeleri) kórip shıqpaǵanda yamasa ondaǵı talapiardı orınlawdan tiykarsız bas tartqanda Mámleketlik miynet inspekciyasına berilgen nızamlı wákilliklerdi qollanǵan halda orınlanıwın támiyinlewde kómeklesiw.

24. Eger nızam hújjetlerinde basqasha tártip názerde tutılmaǵan bolsa, shólkemlerde kásiplik awqamı komiteti bar bolǵan barlıq jaǵdaylarda xızmetker menen miynet shártnamasın jumıs beriwshiniń baslaması boyınsha biykarlawdı usı komitet penen kelisip alıw.

25. Belgili bir tarawda xızmetkerlerdi ǵalabalıq túrde jumıstan bosatıw itimalı haqqında keminde eki ay aldın tiyisli taraw kásiplik awqamı aymaqlıq Respublikalıq keńesine málimleme beriw hám jumıstan bosatıw aqıbetlerin jeńillestiriwge qaratılǵan máslahát jumısların ámelge asırıw.

26. Xızmetkerler, jumıs beriwshiler, jergilikli atqarıwshı hákimiyat uyımları basshılarınıń miynet nızamshılıǵı boyınsha huqıqıy sawatlılıǵın arttırıw.

27. Mámleketlik uyımlar hám shólkemler, sonday-aq, mámleketlik úlesi 50 payız hám onnan joqarı bolǵan xojalıq jámiyetleriniń insan resursları menen islesiwge juwapker quramlıq strukturalarınıń basshıları hám xızmetkerlerin hár úsh jılda keminde bir márte miynet qatnasıqların shólkemlestiriw boyınsha qanigeligin arttırıp barıw.

28. Kárxana, mákeme hám shólkemlerde Xalıqaralıq miynet standartlarınıń mazmun-mánisin keńnen úgit-násiyatlaw, olardıń shólkemlerde orınlanıwı boyınsha birgelikte monitoring ornatıw.

29. Mámleketlik hám kásiplik awqamları miynet inspekciyaları sistemasın bunnan bılay da bekkemlew, olardıń birge islesiwin támiyinlew.

30. Jasalma intellekt texnologiyalarm engizgen jumıs beriwshilerde qısqarıwǵa túsken xızmetkerlerdi zamanagóy taraw hám qánigeliklerge qayta oqıtıw ilajların kóriw boyınsha normativlik-huqıqıy hújjet joybarın islep shıǵıwda qatnasıw.

31. Táreplerdiń 5 adamnan ibarat wákilleri qurammda sociallıq-miynet salasındaǵı huqıqıy hújjetlerdi ámeliyatta qollanıw boyınsha payda bolatuǵın mashqalalı máseleler boymsha másláhát keńesin dúziw boymsha usınıslar islep shıǵıw.

**III. Miynetke haqı tólew, dáramatlar hám xalıqtıń turmıs dárejesi.**

Tárepler aldaǵı waqıtları xalıqtıń dáramatları hám turmıs dárejesin joqarılatıp barıwdı, puqaralardıń sociallıq qollap-quwatlanıwın kúsheytiwdi názerde tutıwshı is-ilájlar kompleksin ámelge asırıwdı maqsetke muwapıq dep esaplaydı. Usı maqsette Tárepler tómendegi minnetlemelerdi óz moynına aladı

32. Usı Kelisimniń ámel etiw dáwirinde miynetkeshlerdiń real miynet haqı hám dáramatların asırıwǵa, jalpı aymaqlıq ónimler quramında miynet haqınıń úlesin 30 payızdan kem bolmaǵan muǵdarda saqlap qalıwǵa baylanıslı ilajlar kóriw.

33. Ekonomika tarmaqlarında ónim (jumıslar, xızmetler)di satıwdan alınǵan sap túsim qurammda miynet haqınıń úlesin asırıwǵa erisiw.

34. Miynet qatnasıqların legallastırıw hámde tarmaq jámáátlik kelisimleri hám jámáátlik shártnamalarında xojalıq esabındaǵı tarmaq hám shólkemlerdiń óz tarif setkaların ornatıw arqalı ortasha miynet haqınıń asırılıwın támiyinlew.

35. 2022-2026-jıllarǵa mólsherlengen Jańa Ózbekstannm Rawajlanıw strategiyasında belgilengen wazıypalar sheńberinde jıllıq inflyaciya dárejesin

5 procentten hám fiskal deficitti 3 procentten asıp ketpewin támiyinlep barıw, ekonomikanıń joqarı ósiw pátlerin saqlap qalıw, makroekonomikalıq turaqlılıqtı támiyinlew boymsha ámeliy ilajlardı turaqlı túrde kórip barıw.

36. Xojalıq esabındaǵı shólkemlerde xızmetkerlerdiń miynetine haqı tólewdi shólkemlestiriw ushın tiykar sıpatında Birden-bir tarif setkasınıń arttırılǵan tarif koefficientlerin belgilewdi jámáátlik shártnamaları hám kelisimleri arqalı ámelge asırıw.

37. Miynetke haqı tólew fondınıń tiykarǵı hám qosımsha bólimleri arasındaǵı optimal qatnastı jámáátlik sóylesiwler nátiyjesinde ornatılıwın támiyinlew.

38. Miynetke haqı tólewdiń tariflik sistemadan tarifsiz sistemalarǵa ótiwin tiyisli tarmaq kásiplik awqamı Respublikalıq keńesi yamasa onıń bólimi menen aldınnan kelisip alınıwın hám xızmetkerlerdiń eń áhimiyetli nátiyjelilik kórsetkishlerin (KPI) bahalawǵa baslanǵısh kásiplik awqamı shólkemi saylaw organı wákilleriniń tartılıwın támiyinlew.

39. Shólkemlestiriw-huqıqıy formasma qaramastan barlıq shólkemlerde:

Ministrler Kabinetiniń 2019-jıl 6-sentyabrdegi 743-sanlı qararı menen tastıyıqlanǵan Jumıslardıń ayırım texnologiyalıq túrleri, óndirisler hám ekonomikalıq

jumıs túrleri boyınsha xızmetkerlerdiń tarif stavkaların asırıwdıń tarmaqlıq koefficientlerin qollanıw tártibi hám olardıń muǵdarları haqqındaǵı reje talapların;

kóshpeli hám qatnaw túrindegi jumıslar ushın ústemeler belgilenetuǵın xızmetkerlerdiń kásipleri hám lawazımlarınıń dizimi, sonday-aq, ústemelerdiń muǵdarı jumıs beriwshiler tárepinen kásiplik awqam komiteti menen kelisilgen halda belgileniwin hám jámáátlik shártnamasmda kórsetiliwin;

Avtomobil transportı aydawshıları miynetine haqı tólewdiń ulıwmalıq shártleri haqqmdaǵı reje (dizim nomeri 3130, 2019-jıl 23-yanvar) talaplarınıń qollanılıwın támiyinlew boymsha usmıslar beriw.

40. Hayal-qızlar hám er adamlardıń miynet haqısı arasında gender tiykarındaǵı ayırmashılıq jaǵdaylarm úyreniw hám bunday jaǵdaylar anıqlanǵan jaǵdayda, olardı sistemalı saplastırıw ilajların kóriw.

41. Miynetke haqı tólewdiń eń kem muǵdarma ámel etiliwi, miynetke haqı tólew sistemaları kásiplik awqamı komitetleri menen kelisimge kóre belgileniwi, miynet haqıdan nızamshılıqta názerde tutılmaǵan uslap qalıwlarǵa jol qoyılmawı ústinen mámleketlik hám jámáátshilik qadaǵalawdı ornatıw.

42. Jumıs beriwshi tárepinen miynet haqı hám basqa tólemlerdiń tólew múddeti buzılǵan jaǵdayda, olardı tólew múddetinen keyingi kúnnen baslap haqıyqıy esap-sanaq etilgen kúndi óz ishine alǵan múddetke shekem hár bir keshiktirilgen kún ushın Ózbekstan Respublikası Oraylıq banktiń sol waqıtta ámelde bolǵan qayta qarjılandırıw stavkasınan kelip shıqqan halda payızlar (pullı kompensaciya) menen birge tóleniwin mámleketlik hám kásiplik awqamları miynet inspekciyaları tárepinen qadaǵalawǵa alıw hám támiyinlew.

43. Miynet haqını óz waqtında tólew máselesin húkimet dárejesinde turaqlı túrde kórip shıǵıw hám zárúr jaǵdaylarda miynet haqıdan qarızdarlıqtı tolıq saplastırıw ilajların kóriw.

44. Jumıs beriwshilerge óndiristen ajıralmaǵan halda kásiplik awqamı komiteti baslıǵı wazıypasın atqarıwshı xızmetkerge onıń aylıq (lawazımlıq) aylıǵınıń (bólip tólenetuǵın xızmetkerdiń bolsa ortasha aylıq miynet haqısınıń) keminde 20 procenti muǵdarında qosımsha haqı tólewdi usınıs etiw.

45. Kásiplik awqamları tárepinen xızmetkerlerdiń miynet qánigelik dárejesin hám miynet sharayatların esapqa alǵan halda miynetke haqı tóleniwi ústinen turaqlı túrde jámáátshilik qadaǵalawdı ornatıw.

## IV. Miynet bazarın rawajlandırıw, xalıqtı jumıs penen támiyinlewge kómeklesiw

Miynet bazarınıń nátiyjeli jumıs alıp barıwın támiyinlew hám xalıqtıń jumıs penen támiyinleniw dárejesin asırıwdı óz maqseti dep tán alǵan halda Tárepler jańa jumıs orınlarm jaratıw, kadrlar potencialm saqlap qalıw hám rawajlandırıw baǵdarında kúshlerdi birlestiriw zárúr dep esaplaydı hám tómendegilerdi óz moynına aladı:

46. Bántlik baǵdarları, tarmaqlar hám aymaqlar kesiminde xalıqtıń bántligin támiynlew boymsha jıllıq baǵdarlamaların sociallıq sheriklerdiń qatnasıwında islep

shıǵıw hám orınlawı boyınsha sistemalı ilajlardıń ámelge asırılıwın támiyinlep barıw. Onda turaqlı miynet haqı hám qáwipsiz miynet sharayatların támiyinleytuǵın turaqlı jumıs orınları, ásirese, awıllıq jerlerde jaratılıwına, jumıs orınların shólkemlestirip atırǵan jumıs beriwshilerdi jáne de xoshametlewge ayrıqsha itibar qaratıw.

47. Hár jılı "Bántlik" baǵdarlamasına tiykarlanıp jańa jumıs orınların, sonday-aq, sociallıq qorǵawǵa mútáj puqaralar ushın kvota boyınsha jumıs orınların shólkemlestiriw. (1-qosımsha)

48. Rásmiy emes sektorda bánt xalıq úlesin ulıwma bánt xalıq sanına salıstırǵanda (sırtqı migraciyaǵa ketkenler buǵan kirmeydi) 30 payızǵa shekem qısqartıw.

49. Ekonomikanıń ayırım tarmaqları xojalıq júrgiziwshi subektleri ushın xızmetkerler sanı hám miynetke haqı tólew fondınıń eń kem normaların anıqlaw tártibi haqqındaǵı reje (dizim nomeri 2173, 2010-jıl 28-dekabr) talaplarınıń orınlanıwın qadaǵalawǵa alıw.

50. Ózin-ózi bánt etkenlerdi hám jeke tártiptegi isbilermenlerdi qollap-quwatlaw, sonıń ishinde, maqsetli qorlardan alınǵan subsidiyalar hám kreditlerden (yamasa isbilermenlerdi qollap-quwatlaw boyınsha basqa ilajlardan) paydalanıw nátiyjeliligin jáne olar jaratqan jumıs orınlarınıń nátiyjeliligin monitoring etiw.

51. 2026-jılı Qaraqalpaqstan Respublikasınıń qala hám rayonlarında esapqa alınǵan 5,9 mıń (5%) jumıssız xalıqtı turaqlı jumıs orınlarında dáramatlı bántligin támiyinlegen halda basqıshpa-basqısh 2 qala hám rayonlardı jumıssızlıqtan jıraq aymaqqa aylandırıw jáne 15 rayon, qalada esapqa alınǵan 36,5 mıń (5,2%) xalıqtı dáramatlı bántligin támiyinlegen halda

basqıshpa-basqısh kámbaǵallıqtan shıǵarıw, 2 qala hám rayonlardı kámbaǵallıqtan jıraq aymaqqa aylandırıw hám bul baǵdardaǵı jumıslardı sistemalı dawam ettiriw.

52. Joqarı, kásip-óner bilimlendiriw mákemeleriniń pitkeriwshileri, Ózbekstan Respublikası Quralllı Kúshleri qatarınan múddetli áskeriy xızmetten qaytqan shaxslar, jaslar, jas óspirim perzentleri bar hayal-qızlar, mayıplıǵı bolǵan shaxslar hám sociallıq qorǵawǵa mútáj xalıqtıń basqa da qatlamların jumısqa jaylastırıwǵa hár tárepleme kómeklesiw.

53. Miynet bazarın analiz qılıw tiykarında miynet bazarında talap joqarı bolǵan kásipler boyınsha qánigeler tayarlawdı, bilimlendiriw mákemeleri pitkeriwshilerin qánigeligi boyınsha jumısqa jaylastırılıwı hám jumıs orınlarında turaqlılıǵın támiyinlew ushın jumıs beriwshilerdi xoshametlew mexanizmlerin engiziw.

54. Sociallıq sherikler tárepinen bántliktiń turaqsız túrlerinde bánt bolǵan puqaralardıń huqıqları támiyinleniwine, jeke menshik bántlik agentlikleriniń jumısı ústinen mámleketlik hám jámáátlik qadaǵalawdı jolǵa qoyıwǵa, Ózbekstan Kásiplik awqamları Federaciyasınıń Qaraqalpaqstan Keńesi hám Ózbekstan Sawda-sanaat palatası aymaqlıq basqarmasınıń wákillerin hákimlikler janındaǵı tiyisli komissiyalar quramına tartılıwın támiyinlew.

55. Jumıs beriwshiniń saplastırılıwı hám qayta shólkemlestiriliwi nátiyjesinde jumıs ornınan bosatılǵan xızmetkerlerdiń nızamlı huqıqlarma ámel etiliwi, olardı qayta oqıtıw, qánigeligin arttırıw hám jumısqa jaylastırıwǵa kómeklesiw.

56. Óndiris kárxanalarında maman kadrlarǵa talap joqarılıǵın esapqa alǵan halda áhiıniyetli kásipler (kepserlewshi, elektromontyor, hár qıylı stanoklardı isletiw boyınsha qánigeler, xızmet kórsetiw tarawındaǵı qánigeler hám basqalar)ge tayarlaw boyınsha qısqa múddetli innovaciyalıq oqıw kursları tarmaǵın keńeytiw hám olar arqalı hár jılı keminde 2000 mútáj shaxslardı jumısqa jaylastırıwǵa qamtıp alıw.

57. Kásiplik bilim alıwdıń dual formasın engiziw hám óndiriste "Ustaz-shákirt" sistemasın xoshametlew.

58. Rásmiy emes sektorda bánt bolǵanlardıń keminde 10 payızın jumıs ornın joǵaltıwdan sociallıq qamsızlandırıw menen qamtıp alıw.

59. Jaslar, hayal-qızlar hám xalıqtıń sociallıq qorǵawǵa mútáj qatlamları ushın inklyuziv hám ádil ekonomikalıq ósiw nátiyjesinde jaratılǵan bántlik hám múnásip miynet imkaniyatları haqqında xalıqtıń óz waqtında hám qalıs xabardar etiliwin támiyinlew.

60. Jaslar, hayal-qızlar hám bánt bolmaǵan xalıq arasında kásipke baǵdarlaw mexanizınlerin úgit-násiyatlaw boyınsha nátiyjeli ilajlardı, sonıń ishinde, kásipke baǵdarlaw orayların shólkemlestiriw arqalı islep shıǵıw.

61. Miynet organları tárepinen kórsetiletuǵın xızmetler haqqmda xalıq hám jumıs beriwshilerdiń xabardarlıǵın arttırıw, xalıqtıń sociallıq qorǵawǵa mútáj qatlamların (jaslar, hayal-qızlar, mayıplar hám basqalar) shetki aymaqlarda bos jumıs orınları yarmarkaların shólkemlestiriw arqalı jumısqa jaylastırıw.

62. Xızmet kórsetiw ınodelin jetilistiriw, miynet bazarmdaǵı jedel siyasattı basqarıw nátiyjeliligin arttırıw, miynet organları xızmetkerleriniń miynet ónimdarlıǵın bahalaw mexanizmlerin islep shıǵıw arqalı kámbaǵallıqtı qısqartıw háın bántlik organlarınıń potencialın kúsheytiw.

63. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń "Sırt elde waqtmsha miynet iskerligin ámelge asırıp atırǵan Ózbekstan Respublikası puqaraların hám olardıń shańaraq aǵzalarm qollap-quwatlaw boyınsha qosımsha ilajlar haqqında"ǵı 2022-jıl 1-marttaǵı PP-149-sanlı qararında belgilengen wazıypalar sheńberinde sırt elde waqtınsha miynet iskerligin ámelge asırıp atırǵan Ózbekstan Respublikası puqaraları hám olardıń shańaraq aǵzaları ushın sociallıq qorǵaw ilajların kóriw.

64. Respublika puqaralarmıń sırt elge miynet migraciyasına ǵalaba túrde ketiwiniń aldın alıw ushın sharayatlar jaratıwǵa qaratılǵan máınleketlik siyasattıń ámelge asırılıwın, sonıń ishinde, básekige shıdamlı jumıs orınların jaratıwǵa kómeklesiw arqalı támiyinlew.

65. "Jasıl islep shıǵarıw" principlerin engiziw procesinde energiya únemlewshi texnologiyalarǵa ótiwde jumıs ormlarmıń qısqarıwına jol qoymaw ilajların kóriw.

66. Jasalma intellekt engiziliwi nátiyjesinde jumıs orınların joǵaltıp atırǵan xızmetkerlerdi basqa kásiplerge oqıtıw hám bántligin támiyinlew.

## V. Miynet qáwipsizligi hám gigienası.

Miynet qáwipsizligi hám gigienasın birge islesiwdiń tiykargı bağdarlarınan biri dep esaplağan halda, Tárepler tómendegi minnetlemelerdi óz moynına aladı:

67. Miynet qáwipsizligi hám gigienası sistemasm engiziw, onıń jumıs islewi hám rawajlanıwın támiyinlewde qatnasıw.

68. Miynet qáwipsizligi hám gigienası bağdarlamasın islep shığıw.

69. Miynetti qorğaw haqqındağı nızam hújjetleriniń talaplarınan kelip shıqqan halda jumıs beriwshiler tárepinen miynetti qorğaw boyınsha ilajlardı turaqlı qarjılandırıw.

70. Jumıs orınlarınıń avtomatlastırılıwı, miynet procesinde jasalma intellektten paydalanıw nátiyjesinde jumıs ormları joğaltılıwı sebepli jańa jumıs ormların qáwipsiz miynet sharayatların jaratqan halda shólkemlestiriw ilajların kóriw.

71. Sociallıq-miynet máseleleri boyınsha respublikalıq úsh tárepleme komissiya quramında dúziletuğın miynetti qorğaw hám qáwipsizligi boymsha isshi topardıń jumısın shólkemlerde miynet sharayatlarm jaqsılawğa hám qáwipsizligin támiyinlewge bağdarlaw.

72. Xızmetkerlerdiń miynet wazıypaların orınlaw menen baylanıslı jaraqatlanıwı, kásiplik keselliklerine shalınıwı yamasa densawlıqtıń basqa da túrdegi zıyanlanıwlarmıń aldın alıw, sonday-aq, olardıń payda bolıw sebeplerin saplastırıw jumısların ámelge asırıwğa itibar qaratıw hám jámáátlik qadağalawdı turaqlı túrde jolğa qoyıw.

73. Miynet qáwipsizligi hám gigienası máseleleri boyınsha texnikalıq jaqtan tártipke salıw tarawındağı normativlik hújjetler hám normativlik-huqıqıy hújjetlerde jáne tarmaqlıq hám aymaqlıq kelisimlerde, jámáátlik shártnamalarında názerde tutılğan, xızmetkerlerge jaratılğan miynet sharayatları, sanaat hám ekologiyalıq qáwipsizlik jağdayın mámleketlik qadağalaw uyımları menen birgelikte úyreniwdi ámeliyatta keńnen qollanıw.

74. Sociallıq-miynet máseleleri boymsha respublikalıq úsh tárepleme komissiyanıń wákilligi sheńberinde mámleketlik hám jámáátlik qadağalawdı ámelge asırıwda tómendegilerge itibar qaratıw:

Mákeme, shólkem basshıları hám basqa da lawazımlı shaxslardan ıniynet sharayatları hám qáwipsizligi, sonday-aq, óndiriste baylanıslı barlıq baxıtsız hádiyseler hám kásiplik kesellikler haqqmda tolıq málimleme almıwı;

kárxana, shólkem hám mákemelerde miynet qáwipsizligi hám gigienası boymsha ilajlardıń qarjılandırılıwı;

óndiristegi baxıtsız hádiyseler hám kásiplik keselliklerinen mámleket tárepinen májbúriy sociallıq qamsızlandırılıwın, sonday-aq jumıs beriwshiniń puqaralıq juwapkershiligin májbúriy qamsızlandırıw sistemasınıń engiziliwi;

jumıs orınlarında miynet sharayatlarınıń jağdayı, ásirese oğada zıyanlı óndiris faktorları hám oğada qáwipli óndiris faktorları boymsha qadağalawdıń ámelge asırılıwı;

xızmetkerlerge jeńillikler hám kompensaciyalar belgilenetuǵın, jeńilletilgen shártlerde pensiyaǵa shıǵıw huqıqı beriletuǵın, mayıplıǵı bolǵan shaxslar bánt bolǵan zıyanlı, qáwipli hám basqa da miynet sharayatlarına iye jumıs orınlarında nızamshılıq hújjetlerinde belgilengen tártipte jumıs orınlarınıń miynet sharayatları boyınsha attestaciyadan ótkeriliwi;

dáslepki tárizde (jumısqa kirip atırǵanda) hám belgilengen waqıtları (miynet etiw dawammda) májbúriy medicinalıq kóriklerdiń belgilengen tártipte ótkeriliwi;

jumıs beriwshilerdiń jámáátlik shártnamalar hám kelisimlerde názerde tutılǵan miynet qáwipsizligi hám gigienasınıń jaǵdayı boyınsha minnetlemelerin orınlawın úyreniw;

xızmetkerlerdiń miynet shártnamalarm dizimge alıw, elektron miynet dáptershelerin qáliplestiriw hám júritiw, ondaǵı maglıwmatlartıń durıs kiritiliwi boyınsha jumıs beriwshilerdiń juwapkershiligin asırıw;

xızmetkerlerge nızam hújjetlerinde belgilengen jeńillikler hám kompensaciyalardıń beriliwi hámde olarǵa miynetti qorǵaw boyınsha jol-jobalardıń (instrukciya) beriliwi, miynetti qorǵaw máseleleri boymsha oqıwdan hám qánigeligin asırıw kurslarınan ótkenligi;

xızmetkerlerdiń belgilengen normalar boyınsha sút, emlew-profilaktikalıq azıq-awqat, gazlengen duzlı suw, jeke qorǵanıw hám gigiena quralları menen támiyinleniwi, sonday-aq, jámáátlik qorǵanıw qurallarıqollanılıw jaǵdayı;

óndiris obektlerin hám óndiris qurallarınsınaw hám paydalanıwǵa qabıl etiw komissiyaları jumısında hámde medicinalıq-sociallıq ekspert komissiyası májilislerinde ǵárezsiz ekspert sıpatında qatnasıwı;

miynet qáwipsizligi hám gigienası boyınsha texnikalıq jaqtan tártipke salıw tarawındaǵı normativlik hújjetlerdi hám normativlik-huqıqıy hújjetler joybarların islep shıǵıwda qatnasıw nátiyjeliligi;

óndiriste miynet qáwipsizligi hám gigienası talaplarınıń buzılıwı hám baxıtsız hádiyselerdi jasırıwda ayıplı shaxslardı juwapkershilikke tartıw haqqında wákillikli organlarǵa múrájat etiliwi;

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2025-jıl 21-iyuldegi "Miynetti qorǵawdı basqarıw sistemasın engiziw haqqında"ǵı 454-sanlı qararınıń qosımshası menen tastıyıqlanǵan Úlgili reje talapların ámeliyatqa engiziw hám orınlanıwın támiyinlew;

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2025-jıl 24-dekabrdegi "Miynetti qorǵaw salasına baylanıslı ayırım rejelerdi tastıyıqlaw haqqında"ǵı 819-sanlı qararınıń qosımshası menen tastıyıqlanǵan Rejeler talapların ámeliyatqa engiziw hám orınlanıwın támiyinlew;

miynet qáwipsizligi hám gigienası boyınsha wákillerdi saylaw, oqıtıw hám olardıń qánigeligin turaqlı túrde asırıp barıw hámde jámáátlik shártnamaları hám kelisimlerine olardıń óz jumısın nátiyjeli ámelge asırıwı ushın qolaylı sharayatlar jaratıw minnetlemesin kirgiziw;

kásiplik awqamları sistemasında miynet qáwipsizligi hám gigienası boyınsha jámáátshilik qadaǵalawdı shólkemlestiriw boyınsha úsh tárepleme birge islesiw principi tiykarında respublikalıq tańlawdı shólkemlestiriw hám ótkeriw.

75. Miynet qáwipsizligi hám gigienası máseleleriniń áhimiyetli orın tutıwı haqqında jámáátlik pikirdi qáliplestiriw boyınsha ǵalaba xabar quralları arqalı keń túrde túsindiriw jumısların alıp barıw.

76. Hár jılı 28-aprel - Pútkil dúnya júzilik miynetti qorǵaw kúnine baǵıshlap háptelik shólkemlestiriw hámde barlıq shólkemlerde belgileniwin támiynlew.

77. Shólkemlestiriw-huqıqıy formasına qaramastan barlıq shólkemlerde Xalıqaralıq miynet shólkeminiń Ózbekstan Respublikası tárepinen ratifikaciyalanǵan miynetti qorǵawǵa baylanıslı konvenciyaları talaplarınıń orınlanıwı ústinen monitoring alıp barıw.

78. 2030-jılǵa shekemgi dáwirde turaqlı rawajlanıw salasındaǵı milliy maqset hám wazıypalardı ámelge asırıw jumıslarında qatnasıw, múnásip miynet maqsetine erisiwde salamat hám qáwipsiz miynet sharayatların jaratıw ushın sistemalı ilajlardıń orınlanıwın támiyinlew.

79. Jergilikli atqarıwshı hákimiyat organları hám xojalıq birlespeleri tárepinen óndiristegi baxıtsız hádiyselerdiń aldın alıw boyınsha ilajlardıń islep shıǵılıwı hám orınlanıwı boymsha jámáátlik qadaǵalawın alıp barıw.

80. Qaraqalpaqstan Respublikası Kámbaǵallıqtı qısqartıw hám bántlik ministrligi hám Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyasınıń Qaraqalpaqstan Keńesi arasında birge islesiw kelisimine qol qoyıw. Usı kelisimde tómendegi tiykarǵı birge islesiw háreketlerin ámelge asırıwdı názerde tutıw:

mámleketlik inspekciya hám kásiplik awqamı inspekciyası, miynetti qorǵaw bólimi arasında turaqlı málimleme almasıwdı jolǵa qoyıw;

kárxana, shólkem hám mákemelerde olarda kásiplik awqamları yamasa xızmetkerlerdiń wákillikli organı dúzilgen yamasa dúzilınegenligine qaramastan júz bergen baxıtsız hádiyseler haqqında málimleme almasıwdı jolǵa qoyıw;

kárxana, shólkem hám mákeınelerde olarda kásiplik awqamları yamasa xızmetkerlerdiń wákillikli organı dúzilgen yamasa dúzilmegenligine qaramastan júz bergen baxıtsız hádiyselerde ótkeriletuǵın tekseriwlerge kásiplik awqamları keńesiniń miynetti qorǵaw boyınsha jetekshi qánigesi hám texnikalıq inspektorın tartıw hám de qatnasıwın támiyinlew;

kárxanalarda jumıs orınlarmıń qáwipsizligi boyınsha ótkerilgen jumıs orınları attestaciyası juwmaqları boyınsha miynet organları tárepinen úyrenip shıǵıw hám juwmaq beriw procesinde Respublikalıq kásiplik awqamları keńesiniń miynetti qorǵaw boyınsha jetekshi qánigesi hám texnikalıq inspektorın tartıw jáne qatnasıwın támiyinlew;

kárxana, shólkem hám mákemelerde mámleketlik texnikalıq inspektorlarmıń mámleketlik qadaǵalawın, kásiplik awqamları miynetti qorǵaw boyınsha jetekshi qánigesi hám texnikalıq inspektorınıń jámáátlik qadaǵalawm ornatıw;

kárxana, shólkem hám mákemelerde reje-keste tiykarında birgeliktegi óndiristegi baxıtsız hádiyselerdiń aldın alıw boyınsha seminar-treningler, dógerek sáwbetlerin ótkerip túsindiriw jumısların alıp barıw hám basqalar.

## VI. Sociallıq kepillikler hám sociallıq qorǵaw

Xızmetkerler hám olardıń shańaraq aǵzaların sociallıq qorǵaw, múnásip turmıs ushın miynet etiw sharayatların jaratıp beriw maqsetinde Tárepler ózlerine tómendegi minnetlemelerdi aladı:

81. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2022-jıl 25-iyuldegi PP-175-sanlı Pármanı menen tastıyıqlanǵan Ózbekstan Respublikası xalqın sociallıq qorǵaw strategiyasında belgilengen wazıypalardıń óz waqtında hám tolıq orınlanıwın qadaǵalawǵa alıw.

82. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2016-jıl 28-dekabrdegi "Kekseler hám mayıplardı mámleket tárepinen qollap-quwatlaw sistemasın bunnan bılay da jetilistiriwge baylanıslı qosımsha ilajlar haqqında"ǵı PQ-2705-sanlı qararın ámelge asırıwǵa hár tárepleme kómeklesiw.

83. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2023-jıl 11-sentyabrdegi PP-158-sanlı Pármanı menen tastıyıqlanǵan "Ózbekstan - 2030" strategiyasın ámelge asırıwǵa baylanıslı Mámleketlik baǵdarlamalardıń orınlanıwma hár tárepleme kómeklesiw.

84. Hár bir máhállede jalǵız baslı kekseler, pensionerler, mayıplıǵı bolgan shaxslar, imkaniyatı sheklengen balalardı tárbiyalap atırǵan, kem támiyinlengen hám de kóp balalı shańaraqlarǵa materiallıq járdem kórsetiw ushın hár jılı "Nawrız" hám "Ǵárezsizlik" bayramları aldınan maqsetli ulıwma xalıqlıq qayırqomlıq shembiliklerin ótkeriw.

85. Hár jılı Qaraqalpaqstan Respublikası aymaǵında xalıqtıń sociallıq qorǵawǵa mútáj qatlamın hám járdemge mútáj shańaraqlardı hár tárepleme qollap-quwatlaw jumısların ámelge asırıw. (2-qosımsha)

86. Hár jılı sociallıq áhimiyetke iye mámleketlik baǵdarlama ilajlarına muwapıq miynetkeshler hám olardıń shańaraq aǵzaların sociallıq qorǵaw, barlıq múlk túrindegi kárxana, shólkem, mákemelerde jumıs beriwshiler hám kásiplik awqamları arasında jámáátlik shártnamalardı dúziwdi ámelge asırıw hám sol arqalı xızmetkerlerdi sociallıq-ekonomikalıq qorǵaw, kóp balalı, kem támiyinlengen, járdemge mútáj shańaraqlar, hayal-qızlar, jaslar, islewshi mayıplar, miynet veteranlarına materiallıq járdemler kórsetip barıw.

87. Jumıs beriwshilerdiń qarjılarınan, sonday-aq, qarjı imkaniyatlarınan kelip shıqqan halda kásiplik awqamlarınıń qarjıları esabınan kem támiyinlengen, baǵıwshısın joǵaltqan shańaraqlardıń perzentlerine oqıw quralları, sabaqlıqlar satıp alıw jumısların shólkemlestiriw.

88. Jumıs beriwshilerdiń qarjıları, sonday-aq, qarjı imkaniyatlarınan kelip shıqqan halda kásiplik awqamlarınıń qarjıları esabınan jalǵız kekselerge, sonday-aq, "Shańaraqlıq balalar úyleri" hám "Múriwbet" úylerine materiallıq járdem ilajların qollanıw.

89. Barlıq xojalıq júrgiziwshi subektlerdegi xızmetkerlerdi jámáátlik shártnama qatnasıqları menen qamtıp alınıwına erisiw. Jámáátlik shártnamaları arqalı kárxanalarda

miynetkeshlerdiń huqıq hám mápleriniń qorǵalıwın támiyinlew. Sonday-aq, jámáátlik shártnamalarına miynet veteranları, pensionerler, mayıplar hám kóp balalı, kem támiyinlengen shańaraqlar ushın qosımsha jeńillikler kirgiziliwine erisiw.

90. Fermer xojalıqlarında bánt bolǵan xızmetkerlerdiń miynet qatnasıqlarınıń nızam hújjetleri tiykarında rásmiylestiriliwin qadaǵalaw.

91. Jańadan shólkemlestirilip atırǵan jeke menshik kárxanalar, firmalar, qospa kárxanalar hám basqa da barlıq kárxana, shólkemlerde kásiplik awqamları shólkemlerin dúziw, olarda islewshi xızmetkerlerdi kásiplik awqam aǵzalıǵına tartıw jumısların alıp barıw.

92. Ayrıqsha jaǵdaylar júzege kelgende xalıq ushın Xalıqaralıq miynet shólkeminiń "Tınıshlıqtı hám qarsı háreket potencialın támiyinlew maqsetinde bántlik hám múnásip miynet haqqında"ǵı 205-sanlı usınısı tiykarında sociallıq qorǵaw ilajların kóriw.

## VII. Ruwxıy-aǵartıwshılıq jumısları, dene tárbiyası hám sporttı ǵalabalastırıw, xızmetkerler hám olardıń shańaraq aǵzaların sawalandırıw

Tárepler tómendegi minnetlemelerdi óz moynına aladı:

93. xızmetkerler hám olardıń shańaraq aǵzalarınıń paydalı hám de mazmunlı dem alıwların shólkemlestiriw maqsetinde ruwxıy-aǵartıwshılıq, sport, sawalandırıw ilájların birgelikte ótkeriw.

94. Mámleketlik-jeke menshik sheriklik tiykarında Qaraqalpaqstan Respublikasında hár jılı "Xorezm" tájiriybesi tiykarında birewden sanatoriy hám balalar sawallandırıw dem alıw orayların qurıw.

95. Xızmetkerlerge dene tárbiya hám sport penen shuǵıllanıwı ushın jeterli sharayatlar jaratıp beriw (sport maydanshaların shólkemlestiriw, arnawlı sport xanaların ajıratıw), hár qıylı sport sekciyaları hám dógereklerine tartıw, miynet jámáátlerinde xızmetkerler gimnastikasın engiziw hámde dene tárbiya komandaları jumısın jolǵa qoyıw.

96. Jámáátlik shártnama hám kelisimlerde názerde tutılǵan mádeniy-aǵartıwshılıq jumıslar, dene tárbiya hám sporttı ǵalaba en jaydırıw, ishki turizmdi rawajlandırıw, miynetkeshler hám olardıń shańaraq aǵzaların sawallandırıw hám basqa da maqsetler ushın jumıs beriwshi esabınan qarjılar ajıratıw.

97. Kásiplik awqamları tárepinen belgilengen tártipte xızmetkerler hám olardıń shańaraq aǵzaların sawallandırıw jumısların shólkemlestiriw.

98. Jaz máwsiminde balalardıń balalar sawallandırıw dem alıw oraylarında dem alıwın hám sawallandırılıwın shólkemlestiriwge qaratılǵan sistemalı ilajlardı ámelge asırıp barıw.

99. Balalar sawallandırıw dem alıw oraylarında "Mehribanlıq" úyleri tárbiyalanıwshıları, sonday-aq, respublikanıń ekologiyalıq jaqtan qolaysız regionlarında jasaytuǵın balalardıń sawallandırılıwına turaqlı túrde járdemlesiw. (3-qosımsha)

100. Jumıs beriwshilerge xızmetkerler hám olardıń shańaraq aǵzaların hár jılı mádeniy dem aldırıw hám sawallandırılıw hámde "Ózbekstan boylap sayaxat et!" baǵdarlaması sheńberindegi sayaxatları ushın sharayat jaratıwdı usınıs etiw.

101. Nókis qalası orayında kásiplik awqamları baǵın shólkemlestiriw maqsetinde belgilengen tártipte jer maydanların ajıratıw hámde baǵın shólkemlestiriw.

102. Kárxana hám shólkemlerde kásiplik awqamlarınıń baslamaları menen jumıs orınları hám máhállelerde jasıl aymaqlardı keńeytiw hámde tazalıq hám abadanlastırıw jumısların shólkemlestiriw.

103. Kárxana hám shólkemlerdegi kásiplik awqamları jámáátleri arasında "Ekologiyalıq belsendi kásiplik awqam jámááti" tańlawın ótkeriw hám jeńimpazlardı xoshametlew.

**VIII. Hayal-qızlar hám jaslar ushın qosımsha kepillikler**

Tárepler hayal-qızlar hám jaslar ushın Ózbekstan Respublikasınıń nızam hújjetlerinde názerde tutılǵan kepilliklerge ámel etiwdi hám jeńillikler beriwdi óz moynına alǵan halda tómendegilerdi zárúr dep esaplaydı:

104. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń "Jaslardıń mánawiyatın asırıw hám olardıń bos waqtın mazmunlı shólkemlestiriw boyınsha bes áhimiyetli baslaması" boyınsha baǵdarlamalarınan kelip shıǵıp, jaslar hám hayal-qızlardıń máplerin qorǵaw, sonıń ishinde:

jumıs islep atırǵan jaslar iskerliginde, joqarı hám professional bilimlendiriw mákemeleri studentleri arasında unaınsız jaǵdaylardı, sonıń ishinde, erteńgi kúnge isenimnıń sóniwiniń aldın alıw, miynet haqı, miynet sharayatlarınan minnetdarshılıq

sezimin oyatıw maqsetinde jaslar arasında mádeniy-aǵartıwshılıq, dene-tárbiya hám sport ilajlarm ámelge asırıw;

jaslardıń shet tili, kompyuter sawatxanlıǵı hámde zamanagóy bilimlerdi tolıq iyelewine hár qıylı oqıwlar ótkeriw arqalı kómeklesiw, olardıń arasınan potenciallı jaslardı tańlap alǵan halda kadrlar rezervin qáliplestiriw.

105. Jámáátlik shártnamaları hám kelisimlerinde tómendegiler názerde tutılıwın támiyinlew:

hayal-qızlar hám er adamlar ushın teń huqıq hám imkaniyatlardı támiyinlew minnetlemelerin shólkemlerdiń hám olardın strukturalıq bólimleriniń wákillikli shaxsına júklew;

jumısqa qabıl etiw hám xızmet boymsha kóteriwde hayal-qızlar hám er adamlar ushın teń huqıq hám imkaniyatlardı jaratıw;

hayal-qızlar hám er adamlardıń miynetine haqı tólewde teńsizlikke jol qoymaw.

106. Jámáátlik shártnamaları hám kelisimlerinde hayal-qızlar hám jaslarǵa jeńillikler beriw, olar ushın ruwxıy hám materiallıq qollap-quwatlaw ilajların qollanıw máselelerin názerde tutıw, sonıń ishinde:

xojalıq esabındaǵı shólkemlerde hámiledarlıq hám tuwıw dem alısları kúnin sozıw;

jas balalı hayallarğa materiallıq járdem kórsetiw hám qısqartılğan jumıs waqtın ornatıw;

bilimlendiriw mákemelerinıń pitkeriwshilerine miynet qatnasıqları tarawında qosımsha jeńillikler ornatıw;

hayal-qızlardıń fizikalıq belsendiligin arttırıw ushın zárúr sharayatlar jaratıw;

hayal-qızlar ushm sayaxatlardı shólkemlestirip barıw;

xojalıq esabındağı shólkemlerde uzaq múddetli paydalanılatuğın tovarlar satıp alıw, turaq jay qurılısı, sonday-aq, mobilizaciyalıq shaqırıw rezervinde xızmetti ótewge haqı tólew ushın jas xızmetkerlerge payıssız ssudalar beriw.

107. "Kásiplik awqamları - hayal-qızlar mápi jolında" súreni tiykarında hayal-qızlar miynetin qorğaw boyınsha jańa sistemanı engiziw, onda miynet bazarmda hayal-qızlar ushın teńdey imkaniyatlar jaratıw, olardıń sociallıq belsendiligin arttırıwğa járdemlesiw boymsha jańa qatnaslardı engiziw, awıllıq jerlerde hayal-qızlardıń bántligin hám isbilermenligin qollap-quwatlaw bağdarlamaların bunnan bılay da keńeytiwdi názerde tutıw.

108. Miynet jámáátlerindegi gender audit nátiyjelerin dodalap, jumıs beriwshiler menen birgelikte hayal-qızlarğa jáne de qolaylı miynet sharayatların jaratıw boyınsha ámeliy ilajlardı belgilew.

109. "Hayallar dápteri" arqalı járdem kórsetiletuğın hayal-qızlar kategoriyalarına turaq jay hám jasaw sharayatın jaqsılawğa, medicinalıq hám psixologiyalıq járdemge mútáj, kúsh kórsetiw hám zorlıqqa ushırağan jáne huqıqıy járdemge mútáj hayal-qızlardı da qosıwdı názerde tutıw.

## IX. Sociallıq pikirlesiw hám sociallıq sheriklikti rawajlandırıw

Tárepler sociallıq-miynet múnásibetleri salasındağı mashqalalardı sociallıq sheriklik tiykarında sociallıq pikirlesiwler arqalı sheshiwdi óz aldına maqset etken halda tómendegi minnetlemelerdi óz moynına aladı:

110. Kásiplik awqamları hám jumıs beriwshiler birlespelerinıń mzamlı huqıqlarına boysınıw, olardıń nızam hújjetlerinde belgilengen tártipte dúziliwi hám jumıs alıp barıwma tosqınlıq etiliwine jol qoymaw.

111. Sociallıq-miynet máseleleri boyınsha respublikalıq úsh tárepleme komissiyalardıń áhimiyeti hám nátiyjeliligin asırıwğa baslanğısh dárejedegi sociallıq-miynet máseleleri boymsha komissiyalardıń dúziliwine kómeklesiw.

112. Múlk formasına qaramastan barlıq kárxana, shólkem hám mákemelerde, sonday-aq, sırt el investiciyaları qatnasıwındağı kárxanalar, paxta-toqımashılıq óndirisleri (klasterler) jumıs beriwshilerine kásiplik awqamlarına ağzalıq abzallıqları úgit-násiyatlaw jumısların ámelge asırıw hám kásiplik awqam shólkemin dúziw boyınsha usınıslar beriw.

113. Rásmiy emes túrde bánt bolğan (ásirese, qurılıs, transport, sawda, ulıwma awqatlanıw, fermer xojalıqları hám basqa da tarawlarda), sonday-aq, kúnlik jumısshılar hám ózin-ózi bánt etken puqaralardı kásiplik awqamlarına tartıw ilajlarm kóriw.

114. Birden-bir sóylesiw procesin engiziw maqsetinde tómendegilerdi usınıs etiw:

barlıq jámáátlik shártnamalar hám kelisimler joybarların jámáátshilik ekspertizadan ótkeriwdi;

tiyisli kásiplik awqamları hám jumıs beriwshiler (olardıń birlespeleri) arasmdağı aymaqlıq tarmaq jámáátlik kelisimlerin tiyisli jıldm yanvar ayınan, kárxana, shólkem, mákemelerde bolsa jámáátlik shártnamalarm tiyisli jıldıń mart ayınan keshiktirmey dúziwdi;

aymaqlıq tarmaq jámáátlik kelisimleri hám jámáátlik shártnamalarınıń orınlanıw juwmaqlarm kásiplik awqamları hám jumıs beriwshiler shólkemleriniń qospa májilislerinde, sonday-aq, miynet jámáátleriniń ulıwma jıynalıslarında (konferenciyalarında) hár jılı 1-aprelden keshiktirmey kórip shığılıwın.

115. Kásiplik awqaınlarınıń qararlar qabıl etiw procesinde qatnasıwın támiyinlew maqsetinde tómendegilerdi usınıs etiw:

Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń májilislerinde xızmetkerlerdiń socialliq-ekonomikalıq huqıqları menen máplerine baylanıslı máseleler kórip shığılıp atırğanda Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyasınıń Qaraqalpaqstan Keńesi hám Ózbekstan Sawda-sanaat palatası Qaraqalpaqstan Respublikası basqarmasınıń wákilleri mirát etiliwin;

baslanğısh kásiplik awqamı shólkeminiń baslıǵın kárxananıń basqarıw uyımlarına kirgiziliwin.

116. Áhimiyetli sociallıq-ekonomikalıq máselelerdi dodalaw ushın kásiplik awqamları belsendileri hám jumıs beriwshilerdiń hákimiyat, ministrlikler, keńse wákilleri menen jámáátshilik tıńlawların shólkemlestirip barıw.

117. Xızmetkerlerdiń jazba arzaları bar bolǵanda kásiplik awqamınıń tiyisli esap betine xızmetkerlerdiń miynet haqısınan uslap qalıńgan kásiplik awqamına aǵzalıq tólemleriniń óz waqtında ótkeriliwin támiyinlew.

## X. Kelisimniń ámel etiw múddeti, onı ámelge asırıw mexanizmi hám orınlanıwı ushın táreplerdiń juwapkershiligi

118. Usı kelisim 2026 - 2028-jıllar ushın dúzilgen bolıp, jańa kelisim qabıl etilgenge shekem ámelde boladı. Kelisim Qaraqalpaqstan Respublikasınıń barlıq aymaqlarında ámel etedi.

119. Tárepler usı kelisimdi sociallıq-ekonomikalıq máseleler boymsha kelisip siyasat júrgiziwdiń ulıwma principlerin belgilep beriwshi sociallıq sherikliktiń tiykarğı hújjeti dep tán aladı hám usı kelisimge ámel etiw, onıń barlıq shártlerin orınlaw minnetlemesin óz moynına aladı.

120. Usı kelisimge qol qoyılğannan soń Tárepler kelisimde belgilengen wazıypalardıń tolıq ámelge asırılıwın támiyinlew maqsetinde Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi ministrlikler, rayon, qala hákimlikleri, tiyisli shólkemlerge ormlaw ushın jiberiliwin, olar tárepinen zárúr ilajlar belgileniwin támiyinleydi.

121. Usı kelisimniń normativlik jaǵdayları aymaqlıq tarmaq kelisimlerine hám jámáátlik shártnamalarına kirgiziw arqalı ámelge asırılıwı lazım.

122. Usı Kelisimge qol qoyǵan hár bir Tárep onıń maqsetleriniń ámelge asırılıwı ushın óz wákillikleri sheńberinde juwapkershilikti tán aladı hám júzege keliwi múmkin bolǵan mashqalalardı sheshiwde birge islesiw ıninnetlemesin aladı.

123. Tárepler usı kelisimniń ámel etiw dáwirinde tómendegilerdi zárúr dep esaplaydı:

a) sociallıq-miynet qatnasıqlarınıń eń áhmiyetli máseleleri boyınsha Táreplerdiń máplerine tiyisli qararlar qabıl etiwden aldın óz ara másláhátlesiwler ótkeriw;

b) hár jılı keminde bir márte usı kelisimniń orınlanıwınıń barısı hám juwmaqların dodalap barıw;

v) usı kelisimniń orınlanıwı támiyinlenip barılıp atırǵan jaǵdayda, is taslaw háreketlerinen bas keshiw.

124. Usı Kelisimge qol qoyǵan Táreplerdiń hár biri oǵan aldın alǵan minnetlemelerdiń orınlanıwına tosqınlıq etpeytuǵın ózgerisler hám qosımshalar kirgiziw boyınsha usınıslar beriw huqıqına iye. Bul usınıslar Táreplerdiń óz-ara kelisimi menen qabıl etiliwi múmkin.

125. Usı Kelisimniń orınlanıwı ústinen qadaǵalawdı sociallıq-ekonomikalıq máseleler boyınsha respublikalıq úsh tárepleme komissiya ámelge asıradı. (4-qosımsha)

Kelisim 2026-jıl 06 mart kúni Nókis qalasında dúzildi.

**Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń baslıǵı**

**F.Ermanov**

**Ózbekstan kásiplik awqamları Federaciyasınıń Qaraqalpaqstan Keńesi baslıǵı**

**U.Jalmenov**

**Ózbekstan Sawda-sanaat palatası Qaraqalpaqstan Respublikası basqarması baslıǵı**

**U. Usınanov**

06-mart 2026-jılı dúzilgen
*Aymaqlıq jámáátlik kelisiminiń*
*1-qosımshası*

**Qaraqalpaqstan Respublikasında 2026-jılda xalıqtı turaqlı jumısqa jaylastırıw, dáramatın arttırıw hám jasırın jumıs orınların sayadan shıǵarıw boyınsha ayma-ay**
**MAQSETLI KÓRSETKIShLER**

| № | Aymaq atı | Sociallıq qorǵawǵa mútáj puqaralar ushın kvota boyınsha jumıs orınların shólkemlestiriw | Turaqlı jumısqa jaylastırıw, dáramatın arttırıw hám jumıs orınların sayadan shıǵarıw |
|---|---|---|---|
| | **Jámi** | **756** | **238 669** |
| 1 | Nókis qalası | 118 | 38 859 |
| 2 | Ámiwdarya rayonı | 54 | 26 118 |
| 3 | Beruniy rayonı | 44 | 24 568 |
| 4 | Bozataw rayonı | 20 | 2 365 |
| 5 | Kegeyli rayonı | 30 | 8 942 |
| 6 | Qanlıkól rayonı | 16 | 5 899 |
| 7 | Qaraózek rayonı | 30 | 6 387 |
| 8 | Qońırat rayonı | 48 | 18 509 |
| 9 | Moynaq rayonı | 30 | 3 774 |
| 10 | Nókis rayonı | 30 | 7 111 |
| 11 | Taqıyatas rayonı | 31 | 9 700 |
| 12 | Taxtakópir rayonı | 34 | 5 230 |
| 13 | Tórtkúl rayonı | 84 | 25 346 |
| 14 | Xojeli rayonı | 66 | 14 695 |
| 15 | Shımbay rayonı | 37 | 12 630 |
| 16 | Shomanay rayonı | 28 | 6 577 |
| 17 | Ellikqala rayonı | 56 | 21 959 |

**Qaraqalpaqstan Respublikası**
**Kámbaǵallıqtı qısqarttırıw hám**
**bántlik ministri** **O.Kazakbaev**

06-Март 2026-жылы дүзилген
*Аймақлық жәмәәтлик келисиминиң*
*2-қосымшасы*

**2026 йил учун ижтимоий ҳимоя соҳасида эришилиши керак бўлган**
**МАҚСАДЛИ КЎРСАТКИЧЛАР**

| Т/р | Мақсадли индикатор номи | Ўлчов бирлиги | 2026 йил (режа) | I чорак | II чорак | III чорак | IV чорак |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Махсус мактабларда куни узайтирилган гуруҳларда қамраб олинадиган болалар сони *(қамров)* | *нафар* | **55** | | | | 55 |
| 2 | болалар учун кундузги парвариш хизмати | *нафар* | **279** | 240 | 255 | 268 | 279 |
| 3 | Эрта аралашув ва эрта ривожланиш дастурини тадбиқ қилиш *(қамров)* | *нафар* | **170** | | | 80 | 90 |
| 4 | Ҳудудий ижтимоий хизматлар марказларини ташкил қилиш | *та* | **1** | | 1 | | |
| 5 | Ҳудудий ижтимоий хизматлар марказлари қамровини ошириш | *нафар* | **876** | | | | |
| 6 | Ногиронликни янги стандарт асосида белгилаш *(катталарга)* | *нафар* | **16 620** | 3 324 | 4 159 | 4 986 | 4 151 |
| 7 | Ногиронликни янги стандарт асосида белгилаш *(болаларга)* | *нафар* | **5 065** | 1 013 | 1 269 | 1 520 | 1 263 |
| 8 | Протез ва реабилитация воситалари билан таъминлаш | *нафар* | **8 978** | 1 898 | 2 538 | 2 620 | 1 922 |
| 9 | Муҳтож шахсларни стационар реабилитация билан қамраб олиш | *нафар* | **3 000** | 750 | 750 | 750 | 750 |
| 10 | Муҳтож шахсларни амбулатор реабилитация билан қамраб олиш | *қатнов* | **4 320** | 700 | 1270 | 1270 | 1080 |
| 11 | Пассив даромад яратилган оилалар сони | *та* | **266** | 53 | 64 | 69 | 80 |
| 12 | эҳтиёжманд оила фарзандларини боғча билан қамраб олиш | *нафар* | **4 521** | 847 | 1053 | 1560 | 1061 |
| 13 | "Ижтимоий реестри"даги оилалар фарзандларини қўшимча тўгаракларга жалб қилиш | *нафар* | **5 930** | 1576 | 1524 | 1420 | 1410 |
| 14 | "Тенг имкон-инклюзив бандлик" дастури асосида бандлигини таъминлаш | *нафар* | **3 933** | 610 | 1 085 | 1 358 | 880 |
| 15 | Етим, ота-она қарамоғидан маҳрум бўлган шахслар бандлигини таъминлаш | *нафар* | **219** | 39 | 50 | 77 | 53 |
| 16 | Жазодан озод қилинган шахслар бандлигини таъминлаш | *нафар* | **44** | 7 | 11 | 13 | 13 |
| 17 | Зўравонликдан жабрланган хотин-қизлар бандлигини таъминлаш | *нафар* | **41** | 9 | 13 | 11 | 8 |
| 18 | одам савдосидан жабрланган шахслар бандлигини таъминлаш | *нафар* | **15** | | 5 | 5 | 5 |
| 19 | “Барака” мобиль иловаси фойдаланувчилари сони | *нафар* | **7 036** | 1669 | 1793 | 1789 | 1785 |
| 20 | “Барака” иловаси орқали қабул қилинадиган онлайн аризалар сони | *та* | **4 926** | 1177 | 1251 | 1247 | 1251 |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 21 | Ижтимоий карта билан таъминлаш қамровини ошириш | *нафар* | **84 521** | 20317 | 21416 | 21384 | 21404 |
| 22 | Давлат таъминотидаги камбағал ва оғир ҳаётий вазиятга тушган оилаларни аниқлаш | *та* | **31 526** | 30588 | 31212 | 31526 | 31526 |
| 23 | 18 ёшдан катта ва парваришга муҳтожларнинг қонуний вакилига парвариш нафақаси тайинлаш | *та* | **426** | | | 213 | 213 |
| 24 | инклюзив мактабларда тўсиқсиз муҳит шароитларини яратиш | *та* | **30** | 6 | 7 | 8 | 9 |
| 25 | Агентлик ва тизим ташкилотларида қуёш панелларини ўрнатиш | *та* | **8** | | | | |
| 26 | “Кичик ҳажмли марказ”лар *(Кризис маркази)* фаолиятини йўлга қўйиш | *та* | **1** | | | | 1 |
| 27 | Болани фарзандликка бериш *(васий.уз орқали)* | *нафар* | **83** | | 27 | 28 | 28 |
| 28 | Профессионал тутинган оилаларни *(фостер)* ташкил қилиш | *та* | **1** | | | | 1 |
| 29 | "Меҳрли оила" хизматлари билан қамраб олинадиган ота-она ва уларнинг болалари сони | *нафар* | **275** | | 90 | 90 | 95 |
| 30 | "Меҳр дафтари" орқали етим болаларни моддий қўллаб-қувватлаш *(Ёшларга ҳамроҳлик дастури)* | *нафар* | **360** | 73 | 107 | 144 | 36 |
| 31 | Уй-жой билан таъминланган болалар сони | *нафар* | **73** | | | 20 | 53 |
| 32 | етим ва ота-она қармоғисиз болаларни (1%) олий таълим билан қамраб олиш | *нафар* | **93** | | | 93 | |
| 33 | “Она уйи” лойиҳаси доирасида янги филиалларни ташкил қилиш | *та** | **1** | 1 | | | |
| 34 | Бизнес – махсус мактаб модели йўлга қўйиладиган махсус мактаблар | *та* | **2** | | 1 | 1 | |
| 35 | мактабгача таълим ташкилотида “Ривожлантирувчи хоналар” ташкил этиш | *та* | **4** | | 2 | 2 | |
| 36 | кўп тармоқли мактаблар ташкил этиш | *та* | **1** | | | 1 | |
| 37 | Инклюзив синфлар ташкил этиш | *та* | **86** | | | | |
| 38 | инклюзив синфларга болаларни қамраб олиш | *нафар* | **94** | | | | |
| 39 | Инклюзив мактабларда коррекцион ресурс хоналар ташкил этиш | *та* | **92** | | 36 | 51 | 5 |
| 40 | Инклюзив гуруҳлар сони | *та* | **60** | | 30 | 30 | |
| 41 | Инклюзив гуруҳдаги болалар сони | *нафар* | **110** | | 55 | 55 | |
| 42 | Ижтимоий суғурта билан қамраб олиш | *нафар* | **20 585** | 1608 | 1608 | 8684 | 8685 |
| 43 | тор доирадаги олий маълумотга эга бўлган ижтимоий ходимлар улушини ошириш | *фоиз* | **30%** | 24% | 25% | 27% | 30% |
| 44 | ижтимоий ходимлар таркибида олий маълумотли кадрлар улушини ошириш | *фоиз* | **90%** | 89% | 89% | 90% | 90% |
| 45 | “e- learning” платформаси орқали онлайн ўқув курсларида ўқитиш | *нафар* | **663** | 132 | 201 | 230 | 100 |
| 46 | Тазйиққа учраган аёлларни хавфсиз бошпана билан таъминлаш | *нафар* | **382** | 87 | 94 | 100 | 101 |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 47 | Аёлларни реабилитация қилиш марказларига жойлаштирилганлар сони | *нафар* | **92** | 23 | 23 | 23 | 23 |
| 48 | Касб-ҳунарга ўқитиш курсларига жалб этилган тазйиқдан жабрланган хотин-қизлар сони | *нафар* | **80** | 20 | 20 | 20 | 20 |
| 49 | "Фаол ҳаётга қадам" дастури билан қамраб олиш | *нафар* | **2 449** | 2290 | 2338 | 2394 | 2449 |
| 50 | жабрланганлар учун ихтисослашган кўп функцияли ҳудудий марказлар фаолиятини ташкил этиш | *та* | **1** | | | 1 | |
| 51 | уйсиз шахсларни вақтинчалик бошпана билан таъминлаш улуши | *фоиз* | **50%** | 50% | 50% | 50% | 50% |
| 52 | Деменция, альцгеймер ва паркинсон касаллиги борларни махсус парвариш хизматига қамраб олиш | *нафар* | **16** | | 3 | 6 | 7 |
| 53 | Рухий касалларга васий белгилаш | *нафар* | **27** | 4 | 7 | 8 | 8 |
| 54 | Ногиронлиги бўлган шахсларни адаптив спорт билан қамраб олиш | *нафар* | **3 881** | 2968 | 3427 | 3547 | 3881 |

**Президент ҳузуридаги Ижтимоий ҳимоя миллий агентлигининг Қорақалпоғистон Республикаси бошқармаси бошлиғи** **С.Данияров**

06-март ___2026-жылы дүзилген
Аймақлық жәмәәтлик келисиминиң
3-қосымшасы

## Қарақалпақстан Республикасында жайласқан балалар дем алыў орайларында балаларды саўалландырыўдың 2026-жыл ушын режеси

| № | Қала ҳәм районлар | 2026-жылы балалар дем алыў орайларында балаларды саўалландырыў режеси, соннан: | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 1–7 класс оқыўшылар саны | Балалар дем алыў орайлары режеси (кәсиплик аўқам бюджети, социаллық қамсызландырыў қаржылары, ата-аналар төлемлери ҳәм кәрханалар есабынан) | Жергиликли ҳәкимликлер, қәўендерлер қаржылары есабынан саўалландырылатуғын балалар саны | Балалар мәдeният ҳәм спорт саўалландырыў орайлары (күндизги дем алыў орайлары) | Жәми |
| 1 | Нөкис қаласы | 43296 | 440 | | 1250 | 1800 |
| 2 | Тақыятас рн.. | 25003 | 160 | | 1000 | 1200 |
| 3 | Әмиўдарья рн. | 27226 | 280 | 400 | 1000 | 1750 |
| 4 | Беруний рн. | 2121 | 280 | 400 | 1000 | 1750 |
| 5 | Қараөзек рн. | 6091 | 144 | | 1000 | 1180 |
| 6 | Қанлыкөл рн. | 6241 | 144 | 240 | 1000 | 1420 |
| 7 | Кегейли рн. | 8828 | 112 | | 1000 | 1140 |
| 8 | Қоңырат рн. | 17615 | 360 | 350 | 1000 | 1800 |
| 9 | Мойнақ рн. | 3762 | 200 | | 900 | 1150 |
| 10 | Нөкис рн. | 7724 | 216 | | 1000 | 1270 |
| 11 | Тахтакөпир рн. | 8836 | 160 | | 900 | 1100 |
| 12 | Төрткүл рн. | 5058 | 360 | | 1000 | 1450 |
| 13 | Хожели рн. | 28551 | 216 | | 1000 | 1270 |
| 14 | Шымбай рн. | 15899 | 240 | | 1000 | 1300 |
| 15 | Шоманай рн. | 13815 | 224 | | 900 | 1180 |
| 16 | Елликқала рн. | 5494 | 320 | 320 | 1000 | 1720 |
| 17 | Бозатаў рн. | 21675 | 144 | | 800 | 980 |
| **ҚР бойынша** | | **247235** | **4000** | **492** | **16750** | **23460** |

**Балалардың дем алыўын ҳәм саўалландырылыўын шөлкемлестириў департаменти Қарақалпақстан басқармасы баслығы** **Р.Мадреймов**

06-mart 2026-жылы дүзилген
Аймақлық жәмәәтлик келисиминиң
4-қосымшасы

# 2026-2028-жыллар ушын дүзилген мийнет, социаллық-экономикалық мәселелери бойынша Аймақлық жәмәәтлик келисимниң орынланыўын қадағалаў бойынша Үш тәреплеме РЕСПУБЛИКАЛЫҚ КОМИССИЯ ҚУРАМЫ

## Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесинен

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1. | Б.Отемуратов | - | Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси баслығының орынбасары |
| 2. | Ө.Казакбаев | - | Қарақалпақстан Республикасы Кәмбағаллықты қысқарттырыў ҳәм бәнтлик министри |
| 3. | М.Бекчанов | - | Қарақалпақстан Республикасы Экономика ҳәм Финанс министриниң биринши орынбасары |
| 4. | С.Асанов | - | Қарақалпақстан Республикасы Әдиллик министриниң орынбасары |
| 5. | Т.Сарбаев | - | Қарақалпақстан Республикасы Ден саўлықты сақлаў министриниң орынбасары |
| 6. | Т.Ганиев | - | Қарақалпақстан Республикасы Статистика басқармасы баслығы |
| 7. | Қ.Қалендеров | - | Қарақалпақстан Республикасы бәнтлик ҳәм мийнет қатнасықлары министрлиги Мәмлекетлик мийнет инспекциясы баслығы |

## Өзбекстан кәсиплик аўқамлары Федерациясының Қарақалпақстан Кеңесинен

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1. | У.Жалменов | - | Өзбекстан кәсиплик аўқамлары Федерациясының Қарақалпақстан Кеңеси баслығы |
| 2. | М.Данияров | - | Өзбекстан кәсиплик аўқамлары Федерациясының Қарақалпақстан Кеңеси баслығының орынбасары |
| 3. | Р.Абдурахманов | - | Өзбекстан билимлендириў ҳәм илим хызметкерлери кәсиплик аўқамы Республикалық Кеңесиниң Қарақалпақстан Республикасы бойынша жуўаплы шөлкемлестириўшиси |
| 4. | Л.Байбосынова | - | Өзбекстан Ден саўлықты сақлаў хызметкерлери кәсиплик аўқамы Республикалық Кеңесиниң Қарақалпақстан Республикасы Кеңеси баслығы |
| 5. | Е.Сейтназаров | - | Өзбекстан Агросанаат комплекси хызметкерлери кәсиплик аўқамы Республикалық Кеңесиниң Қарақалпақстан Республикасы бойынша жуўаплы шөлкемлестириўшиси |
| 6. | П.Торемуратов | - | Өзбекстан кәсиплик аўқамлары Федерациясының Қарақалпақстан Кеңесиниң мийнеткешлердиң социаллық-экономикалық мәплерин қорғаў бөлими меңгериўшиси |
| 7. | С.Оразымбетов | - | Өзбекстан кәсиплик аўқамлары Федерациясының Қарақалпақстан Кеңесиниң мийнетти қорғаў бойынша жетекши қәнигеси |

**Қарақалпақстан Республикасы жумыс бериўшилер бирлеспелеринен (келисим тийкарында)**

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1. | У.Усманов | - | Өзбекстан саўда-санаат палатасының Қарақалпақстан Республикасы басқармасы баслығы |
| 2. | А.Халмуратов | - | Өзбекстан саўда-санаат палатасының Қарақалпақстан Республикасы басқармасы баслығының орынбасары |
| 3. | Б.Сарсенбаев | - | Өзбекстан саўда-санаат палатасының Қарақалпақстан Республикасы бас юристконсульт |
| 4. | Г.Қарлыбаева | - | Өзбекстан саўда-санаат палатасының Қарақалпақстан Республикасы басқармасы инсан ресурслары бөлими бас қәнигеси |
| 5. | И.Юнусов | - | Қарақалпақстан фермерлери кеңеси баслығы |
| 6. | Н.Елибаева | - | Өзбекстан исбилермен ҳаяллар кеңеси Қарақалпақстан бөлими баслығы |
| 7. | Г.Ембергенова | - | Өзбекстан Республикасы “Өнермент” бирлеспеси Қарақалпақстан Республикасы басқармасы баслығы |